
KREYÒL

CREOLE

CRÉOLE

KESYON POU RESANSMAN 2006 LA

Ansanm ak rezon ki fè yo poze kesyon sa yo

Entwodiksyon

Pwochen resansman nan Kanada pral fèt jou 16 me 2006 la. Depi plis pase 300 ane resansman ap tire foto sa nou reprezante kòm youn nasyon ansanm ak kominote kote nou ap viv yo. Enfòmasyon yo ranmase nan resansman 16 me a pral sèvi pou ede gwoup kominotè yo, biznis yo ak gouvènman yo pou yo devlope pwojè nan edikasyon ak antrennman, nouvo pwodui ak sèvis, bati kay pou tigranmounn yo, kreye sèvis pou swen lasante, ak anpil lòt pwogram ki enpòtan pou nou tout.

Resansman 2006 la se premye resansman kote nou kab reponn lis kesyon yo sou entènèt oubyen sou papye.

Premye pati

Premye pati ti liv sa a genyen 53 kesyon ki parèt sou fòm long Resansman Popilasyon an pou ane 2006 la. Se 20% popilasyon an ki pral genyen pou li reponn lis kesyon sa a. Lis kesyon ki parèt sou fòm kout la genyen 8 kesyon – sis premye kesyon yo ansanm kesyon nimewo 16 la epi kesyon nimewo 53 a soti nan kesyonè ki nan fòm long lan.

Dezyèm pati

Dezyèm pati a bay rezon ki fè Estatistik Kanada poze kesyon yo, epi li endike ki kalite enfòmasyon kesyon yo pèmèt yo jwenn.

Si ou genyen kesyon sou Resansman Popilasyon ane 2006 la oubyen sou resansman nan domèn Lagrikilti ki ap fèt anmenm tan ak resansman sa a, tanpi telephone oubyen ekri biwo Estatistik Kanada ki pi pre kote ou rete a. Adrès ak nimewo telefòn yo parèt nan paj ki vin apre paj sa a.

Premye Pati

Kesyon pou Resansman 2006

Kesyon pou Resansman 2006 la

ETAP A

DEPI OU FIN RANPLI-L LI VIN YOUN SEKRE

2. Ekri nimewo telefòn ou:

Kòd telefòn rejyon an _____ Nimewo telefòn lan _____

3. Ranpli seksyon sa a si adrès ou pa ekri nan espas ki anwo a, oubyen si ou chanje adrès nan dat 16 me 2006 la.

Nimewo ansanm ak non ri a oubyen teren an ak konsesyon an

Nimewo apatman an

Vil, bouk, vilay, rezèv endyen

Pwovens / teritwa

Kòd postal

1. NON KI MOUNN NOU DWE EKRI NAN ETAP B

- **EKRI NON TOUT MOUNN KI VIV NAN KAY ISIT LA CHAK JOU**, san nou pa bliye timounn ki fenk fèt ak mounn nou soulwe pyès nan kay la;
- **ETIDYAN** ki retounen al viv ak fanmi yo pandan ane dwe enskri non yo nan adrès manman yo ak papa yo menmsi yo rete nan youn lòt kay pandan ane lekòl la osnon pandan yo al fè youn ti travay nan epòk vakans;
- **TIMOUNN KI RETE TANTO AK MANMAN YO TANTO AK PAPA YO** epi ki pase plis tan nan kay isit la. Timounn ki pase mwatye tan kay papa yo epi mwatye tan kay manman yo dwe ekri non yo nan kay kote yo ye jou 16 me 2006 la;
- **MADANM / MARI OUBYEN MOUNN KI PLASE EPI KI PA PE VIV NAN MENM KAY LA** akozde travay yo oubyen pandan yo ap etidye, men ki retounen nan kay la tanzantan, dwe enskri non li nan menm adrès ak madanm li / mari li oubyen gason / fi ki nan plasay ak li a;
- **IMIGRAN AK PAPYE LEGAL** ki rete nan kay la dwe enskri non yo nan adrès kay isit la
- Mounn ki ap mande **VIZA REFIJYE**, ansanm ak tout mounn ki nan fanmi yo dwe enskri non yo nan adrès kote yo ap viv la;
- **ETRANJE KI GEN PÈMI TRAVAY OUBYEN VIZA ETIDYAN** epi tout mounn nan fanmi yo dwe enskri non yo nan adrès kay isit la;
- **MOUNN** ki abityèlman vi v isit la epi ki kounye a **NAN YOUN ENSTITISYON** (tankou kay pou tigranmounn, lopital oubyen prizon) **DEPI MWENS PASE SIS MWA** dwe enskri non yo nan adrès kay isit la
- **MOUNN** ki rete isit la jou 16 me 2006, **EPI KI PA GEN LÒT KOTE YO ABITYE RETE** dwe enskri non yo nan adrès kay isti la.

2. NON MOUNN NOU PA DWE EKRI NAN ETAP B

- Mounn ki rete **abityèlman nan youn lòt kay nan Kanada** epi ki rete isit la pou youn ti bout tan (se ka mounn ki vin vizite nou oubyen mounn ki ta sèvi ak adrès isit la kòm dezyèm kay yo);
- Mounn ki ap viv nan lòt peyi epi ki an **vizit** Kanada (se ka mounn ki an vwayaj pou biznis osnon ki an vakans);
- Repezantan gouvènman youn lòt peyi ak fanmi yo.

3. SI PA GEN PYÈS NON MOUNN OU KAB EKRI NAN ETAP B

○ Si **tout** mounn ki nan adrès isit la jou 16 me 2006, rete nan youn lèt reyon nan Kanada **oubyen** se vizitè oubyen ankò se repezantan gouvènman lòt peyi, mete youn kwa nan sèk la.

→ Tanpri ekri non ou ak nimewo telefòn ou nan espas ki anba a. Pa ranpli lis kesyon sa a. Mete li nan youn anvlop ak tenb sou li epi voye li nan lapòs

→ Ekri siyati ou _____ Ekri non ou _____

→ Kòd telefòn reyon an _____ Nimewo telefòn ou _____

→ _____

ETAP B

1. **Konbyen mounn ki rete nan kay sa a jouk rive 16 me 2006? Pa bliye konte tèt pa ou.**

Konte tout mounn ki abitye viv isit la menmsi yo pati al fè kèk jou deyò .

2. **Sèvi ak LÈT MAJISKIL pou ou ekri non tout mounn ki abitye viv isit la.**

*Kòmanse lis la ak non youn granmounn, epi lè sa posib, apre non granmounn sa a, mete non mounn li **marye** oubyen li **plase** ak li a. Apresa, ekri non timounn ki abitye viv nan kay la. Kounye a ou mèt kontinye ekri non tout lòt mounn ki abitye viv nan kay la*

SIYATI

PRENON

Mounn # 1

Mounn # 2

Mounn # 3

Mounn # 4

Mounn # 5

Mounn # 6

Mounn # 7

Mounn # 8

Mounn # 9

Mounn # 10

ETAP C

Èske gen non mounn ou pa mete nan etap B a paske ou pa te konnen si pou ou te mete yo?

Ekzanp:

*youn mounn ki rete isit la epi gen youn lòt kay;
youn mounn ki pa viv nan kay la pandan youn ti bout tan.*

Non

Wi

→ Ekri non mounn lan, ki lyen ou gen ak li epi rezon an.

Non li (yo)

Lyen ou ak li /

Rezon

ETAP D

1. Èske gen mounn ou nomen sou lis nan Etap B a ki gen youn fèm kote ki gen youn pwodui lagrikilti pou vann? (tankou pwodui ki soti nan jaden,, zannimo, lèt, bèt volay, ze, pwodui ki fèt anndan kay vitre(greenhouse) oubyen elvay plant, pyebwa pou dekorasyon nwèl, gazon, siwo myèl, myèl, pwoduit ki fèt ak siwo erab, elvay bèt pou sèvi ak po yo, eksetera.)

Non

→ Ale nan Etap E

Wi

2. Èske mounn ki gen biznis agrikilti sa a pran, chak jou, tout desizyon pou dirije fèm lan?

Non

Wi

ETAP E

Kopye non ki nan kesyon # 1 nan Etap B a , nan tèt paj 4 la.
Ekri yo nan menm lòd la.

1. **NON MOUNN**

Nan plas ou jwenn sou paj la, ekri non mounn yo nan menm lòd ou te ekri yo nan **Etap B a**. Apre sa reponn kesyon ki anba yo pou **chak grenn** mounn.

Mounn # 1

Siyati li

Prenon li

2. **GASON OUBYEN FI**

- Gsaon
 - Fi
-

3. **DAT NESANS**

| | Jou | Mwa | Ane |
|----------------|------------|------------|----------------|
| <i>Ekzanp:</i> | <u>1 3</u> | <u>0 2</u> | <u>1 9 5 0</u> |

Si ou pa konnen dat la ditou, ekri dat ou kwè ki pi pre a.

Dat nesans

| Jou | Mwa | Ane |
|-------|-------|-------|
| _____ | _____ | _____ |

4. **ÈSKE MOUNN LAN MARYE**

Tyeke youn sèl ti wonn.

- Pa janm marye devan lalwa (selibatè)
 - Mayre devan lalwa (epi pa separe)
 - Separe, men toujou marye devan lalwa
 - Divòse
 - Mari li oubyen madanm li mouri
-

5. **Èske mounn sa a ap viv ak youn mounn li plase ak li?**

Mounn ki plase, se de mounn, youn gason ak youn fi oubyen de fi ansanm / de gason ansanm ki ap viv ansanm tankou madanm ak misye, men ki pa marye devan lalwa.

- Wi
 - Non
-

6. KISA MOUNN LAN YE POU PREMYE MOUNN KI SOU LIS LA?

Di kisa **chak** mounn ki rete nan kay sa a ye pou premye mounn sou lis la

Tyeke youn sèl repons.

Bofi oubyen bèlfi, pitit adoptif ak pitit mounn ou plase ak li a, fèt pou konte kòm pitit fi osnon pitit gason mounn lan.

Si ou tyeke wonn ki di “lòt”la, ekri nan kare a, kisa mounn lan ye pou premye mounn ki sou lis la

Lè ou di” lòt”, men ekzanp sa “lòt” la ka ye pou premye mounn lan:

- Kouzen oubyen kouzin
- Neve oubyen nyès
- Mari oubyen madanm mounn ki soulye nan kay la
- Pitit gason oubyen pitit fi youn mounn ki lwe kay la avèk ou
- Mounn ki ap travay lakay ou
- Madanm oubyen mouche nan maryaj gason ak gason oubyen fi ak fi

PREMYE MOUNN LAN

○ PREMYE MOUNN LAN

DEZYÈM MOUNN LAN

- Mari oubyen madanm premye mounn lan
- Mounn ki plase ak premye mounn lan (nan youn relasyon gason ak fi)
- Mounn ki plase avèk premye mounn lan (nan youn relasyon gason ak gason osnon fi ak fi)
- Pitit gason oubyen pitit fi premye mounn lan
- Bofi oubyen bèlfi premye mounn lan
- Pitit pitit premye mounn lan
- Manman oubyen papa premye mounn lan
- Bòpè oubyen bèlmè premye mounn lan
- Granpapa oubyen grann premye mounn lan
- Frè oubyen sè premye mounn lan
- Bòfrè oubyen bèlsè premye mounn lan
- Pansyonè oubyen mounn ki soulwe
- Mounn ki lwe kay ansanm ak premye mounn lan

Si gen lòt — *Di ki mounn*

AKTIVITE MOUNN LAN NAN LAVI CHAK JOU LI

7. Èske mounn sa a gen **difikilte** pou li tande, wè, pale, mache, monte eskalye, **difikilte** pou li panche kò li, pou li aprann osnon pou li fè lòt aktivite ki sanble ak sila yo nou sot nonmen pi wo a ?
- Wi, pafwa
 - Wi, souvan
 - Non
8. Èske mounn sa a **diminye aktivite li oubyen genyen aktivite**:li pakab fè, poutèt pwoblèm lasante osnon youn maladi tèt pa byen:
- (a) lakay li?
- Wi , pafwa
 - Wi, souvan
 - Non
- (b) nan travay li oubyen nan lekòl li ?
- Wi, pafwa
 - Wi, souvan
 - Non
 - Mounn lan pa gen okenn pwoblèm konsa
- (c) nan lòt aktivite, tankou, lè pou mounn lan monte machin oubyen nan aktivite pou plezi li?
- Wi , pafwa
 - Wi, souvan
 - Non

ENFÒMASYON SOSYAL AK KILTIRÈL

9. Ki kote mounn sa a te fèt?
Chwazi youn sèl repons daprè fason yo divize Kanada jounen jodi a.

Born in Canada

- | | |
|---------------------------------|--------------------------------|
| <input type="radio"/> Nfld.Lab. | <input type="radio"/> Manitoba |
| <input type="radio"/> P.E.I. | <input type="radio"/> Sask. |
| <input type="radio"/> N.S. | <input type="radio"/> Alberta |
| <input type="radio"/> N.B. | <input type="radio"/> B.C. |
| <input type="radio"/> Quebec | <input type="radio"/> Yukon |
| <input type="radio"/> Ontario | <input type="radio"/> N.W.T. |
| | <input type="radio"/> Nunavut |

Li pa fèt Kanada

Di nan ki peyi

10. Mounn sa a se sitwayen ki peyi?

Si se ka pa ou, ekri non tout lòt peyi kote ou se sitwayen.

“Kanada apre natiralizasyon” sa vle di, tout etap youn imigran suiv pou li vin sitwayen kanadyen daprè Lalwa sou Sitwayènte.

- Kanada, daprè nesans
- Kanada, daprè natiralizasyon

Lòt peyi — *Di ki peyi*

11. Èske kounye la a mounn lan se youn **imigran ak papye legal**, oubyen èske gen youn lè, li te youn imigran ak papye legal ?

Youn imigran ak papye legal se youn mounn imigrasyon nan Kanada bay dwa rete nan peyi isit pou tout tan.

- Non → **Si se non ale nan kesyon 13**
- Wi

12. Nan ki ane mounn sa a te premye vin youn imigran ak papye legal?

Ane _____

Si ou pa konnen dat ekzat la, ekri dat ou kwè ki pi pre vrè dat la.

13. Èske mounn sa a alèz nan pale angle oubyen franse pou li koze avèk youn lòt mounn?

Tyeke youn sèl ti wonn.

- Angle sèlman
- Franse sèlman
- Tou de angle ak franse
- Ni angle ni franse

14. Ki lòt lanng , **apa angle oubyen franse**, mounn sa a alèz ladan pou li pale ak youn lòt mounn?

- Okenn

OUBYEN

Di ki lòt lanng

15. (a) Ki lanng mounn sa a pale **pi souvan** lakay li?

- Angle
- Franse

Youn lòt— *Di ki lanng*

(b) Ki lòt lanng mounn sa a pale **chak jou** lakay li?

- Non
- Wi , angle
- Wi , franse

Youn lòt — *Di ki lòt*

16. Ki lanng mounn sa a te **apran pale an premye** lakay li , lè li te **timounn** epi li **kapab konprann toujou**?

Si mounn nan pa konprann lanng li te aparann anpremye a ankò, di ki dezyèm lanng li aprann.

- Angle
- Franse

Youn lòt – *Di ki lòt*

Gen plis pase 100 ane depi yo ap sèvi ak resansman pou yo ranmase enfòmasyon sou orijin zansèt mounn nan popilasyon isit, yo fè sa pou yo kab rapòte vrè chanjman ki ap fèt nan konpozisyon popilasyon Kanada a ki fòme ak divès gwoup mounn.

17. Nan ki gwoup osnon nan konbyen gwoup etnik oubnye kiltirèl **zansèt** mounn sa yo soti?

Zansèt se youn kategori mounn ki lye ak ou, men ou gen plis rapwochman ak grann ou oubyen granpapa ou pase mounn ki nan kategori zansèt yo .

Ekzanp, Kanadyen, Angle, Franse, Chinwa, Italyen, Alman, Ekòsè, Ilandè, Kri, Mimak, Metis, Inwit, (Eskimo) Endyen nan Azi, Metis, Ikrenyen, Olandè, Filipen, Polonè, Pòtigè, Juif, Grèk, Mamayiken, Ayisyen, Vyetnamyen, Libanè, Chilyen, Salvadoryen, Somalyen , elatriye.

Ekri non tout gwoup ou kwè ki nesèsè yo.

18. Èske mounn sa a se youn Aborijèn,, sa vle di, Endyen Amerik Dinò, Metis, oubyen Inwit (Eskimo)?

Si se wi, tyeke grenn wonn oubyen tout wonn ki plis koresponn ak tout deskripsyon mounn lan.

Non → **Ale nan lòt kesyon an**

Wi, Endyen Amerik Dinò

Wi, Metis

Wi , Inwit (Eskimo)



Ale nan kesyon 20

19. Èske mounn sa a se:

Tyeke plis pase younn oubyen bay plis esplikasyon , si se ka pa ou..

Rezon ki fè yo mande enfòmasyon sa a, se pou ede pwogram ki ap chèche bay tout mounn menm chans pou patisipe nan lavi sosyal, kiltirèl, ak ekonomik nan peyi Kanada .

Blan

Chinwa

Mounn Sid Azi (*ekzanp., Endou, Pakistanè, Shilankè, elatriye.*)

Nwa

Filipino

Latino Ameriken

Mounn Sidès Azi (*ekzanp., Vytnameyen, Kanbodyen, Malezyen, Lawosyen, elatriye.*)

Arab

Mounn Lwès Azi (*ekzanp., Iranyen, Afgan, elatriye.*)

Koreyen

Japonè

Lòt — *Esplike*

20. Èske mounn sa a se manm youn gwoupman Endyen/Premye Nasyon?

Non

Wi, li se manm youn gwoupman Endyen/Premye Nasyon



Di gwoupman Endyen/Premye Nasyon (ekzanp, Miskeam)

21. Èske mounn sa a se youn Endyen nan akò k li te siyen an, oubyen youn Endyen anrejistre, dapre *Lalwa sou Endyen [Loi sur les Indiens/Indian Act]* nan peyi Kanada?
- Non
- Wi, Endyen nan akò a, oubyen Endyen anrejistre
-

DEPLASMAN

23. Ki kote mounn sa a te rete **ane pase**, sa vle di , **16 me 2005**?

Tyeke youn sèl ti wonn.

Atansyon:

Pou mounn ki tyeke twazyèm wonn lan:

Tanpri ekri non sektè ou rete nan vil l a olyede non rejon prensipal kote sektè ou rete a localize a.

Ekzanp:

- *Saanich olyede sektè metwopoliten Victoria*
- *St. Albert olyede sektè metwopoliten Edmonton);*
- *Laval olyede sektè metwopoliten Monreal .*

Li te rete **menm** kote ak kounye a

Li te rete nan **youn lòt** adrès anndan **menm** vil la , bouk la, vilay la, minisipalite a, oubyen rezèv endyen an

Li te rete nan **youn lòt** vil, bouk, vilay, minisipalite, oubyen rezèv Endyen **anndan Kanada**

↓

Ekri non:

Vil la , bouk la, vilaj la, minisipalite a, oubyen rezèv endyen an

Pwovens / teritwa

Kòd postal

Li pa **rete Kanada**

↓

Ekri non peyi a

24. Ki kote mounnn sa a te rete **5 ane ki sot pase yo**, sa vle di, apatide **16 me 2001**?

Tyeke youn sèl grenn wonn.

Atansyon:

Pou mounn ki tyeke twazyèm sèk la:

Tanpri ekri non sektè ou rete nan vil l a olyede non rejyon prensipal kote sektè ou rete a localize a.

Ekzanp:

- *Saanich olyede sektè metwopoliten Victoria*
- *St. Albert olyede sektè metwopoliten Edmonton);*
- *Laval olyede sektè metwopoliten Monreyal .*

Li te rete **menm** kote ak kounye a

Li te rete nan **youn lòt** adrès anndan **menm** vil la , bouk la, vilay la, minisipalite a, oubyen rezèv endyen an

Li te rete nan **youn lòt** vil, bouk, vilay, minisipalite, oubyen rezèv Endyen **anndan Kanada**

↓

Ekri non:

Vil la , bouk la, vilay la, minisipalite oubyen rezèv endyen

Provens / teritwa

Kòd postal

Li pa **rete Kanada**

↓

Bay non peyi a

PEYI KOTE MANMAN AK PAPA MOUNN LAN TE FÈT

25. Ki kote **manman ak papa** mounn lan te fèt?

(a) **Papa a**

Tyeke oubyen ekri non peyi a dapre separasyon jewografik aktyèl yo.

Papa a

Fèt Kanada

Li pa fèt Kanada

Ekri non peyi a

(b) **Manman an**

Tyeke oubyen ekri non peyi a dapre separasyon jewografik aktyèl yo.

Manman an

Fèt Kanada

Li pa fèt Kanada

Ekri non peyi a

EDIKASYON

26. Èske mounn lan genyen diplòm **lekòl segondè li** oubyen youn lòt papyè ki sanble ak sa?

Men kèk ekzanp sètifika ki sanble ki sanble ak diplòm lekòl segondè GED (Devlopman Edikasyon Jenera)l ak ABE (Edikasyon fondamantal pou granmounn).

Diplòm lekòl segondè oubyen sètifika

Wi , diplòm lekòl segondè

Wi, sètifika ki koresponn ak diplòm lekòl segondè

Non

27. Èske mounn lan gen youn **Pèmi Apranti** oubyen youn sètifika osnon youn diplòm nan youn metye?

Tyeke tout wonn ki nesèsè yo.

Ekzanp:

- *Kwafè*
- *Machinis nan CNC*

Pèmi Apranti oubyen sètifika osnon diplòm nan youn metye

- Wi , Pèmi apranti rekoni
 - Wi, sètifika oubyen diplòm pou lòt metye
 - Non
-

28. Èske mounn lan gen diplòm **Kolèj, CEGEP, oubyen lòt sètifika osnon diplòm li pa pran nan inivèsite?**

Tyeke tout sèk ki nesèsè yo.

Ekzanp:

- *Teknik kontab*
- *Koutye nan lavant kay*
- *Teknik jeni endistriyèl*

Kolèj, CEGEP ak lòt diplòm oubyen sètifika ki pa soti nan inivèsite

- Wi , sètifika oubyen diplòm nan youn pwogram ki dire pi piti pase 3 mwa
 - Wi, sètifika oubyen diplòm nan youn pwogram ki dire 3 mwa an montan , men ki pi piti pase youn ane
 - Wi, sètifika oubyen diplòm nan youn program ki dire youn ane jouk rive 2 ane
 - Wi, sètifika oubyen diplòm nan youn program ki dire plis pase 2 ane
 - Non
-

29. Èske mounn sa a gen youn lisans, sètifika oubyen youn diplòm nan **inivèsite** ?

Tyeke tout wonn ki nesèsè yo.

Lisans, sètifika oubyen diplòm nan inivèsite

- Wi, youn sètifika oubyen youn diplòm ki pi piti pase youn bakaloreya
 - Wi, youn lisans nan inivèsite (ansanm ak youn LL.B.)
 - Wi, youn sètifika oubyen youn diplòm ki pi wo pase youn lisans
 - Wi, youn metriz
 - Wi, youn lisans nan lamedsin, adantè, medsin veterinè oubyen optometri
 - Wi, li gen youn doktora
 - Non
-

30. Nan ki domèn mounn lan te genyen: lisans inivèsite, sètifika oubyen diplòm ki **pi wo a** ?

Tanpri bay presizyon.. Tankou:

- *Mekanik otomobil*
- *Enjenyè sivil*
- *Teknik adantè*
- *Mekanik avyon*
- *Teknik laboratwa medikal*
- *Gadri*
- *Ekonomi nan domèn lagrikilti*

Domèn kote mounn lan gen pi gwo lisans inivèsite, sètifika oubyen diplòm

OUBYEN

- Mounn lan pa gen youn sètifika oubyen youn diplòm ki **pi wo** pase diplòm lekòl segondè...



Al reponn kesyon 32

31. Nan ki pwovens teritwa oubyen peyi mounn lan konplete **pi gwo** lisans inivèsite li, sètifika oubyen diplòm li?

Nan Kanada

Ekri non pwovens lan oubyen teritwa a

OUBYEN

Nan youn peyi ki pa te Kanada

Ekri non peyi a

32. Èske gen youn moman kèlkonk depi mwa sektanm 2005 mounn lan te al lekòl, nan kolèj, CEGEP oubyen inivèsite?

Tyeke mezi wonn ou kapab.

- Wi, li te ale nan lekòl elemantè, entèmedyè, oubyen lekòl segondè
- Wi, li te al lekòl pou aprann metye, kolèj, CEGEP oubyen nan youn lòt kalite etablisman ki pa inivèsite
- Wi, li te ale nan inivèsite
- Non, li pa janm ale lekòl depi sektanm 2005

ACTIVITE ANNDAN KAY

Nòt:

Semenn pase a vle di, soti dimanch 7 me rive samdi 13 me , 2006.

Nan kesyon 33 a di tout tan ou pase nan chak aktivite, menmsi de oubyen pi plis ladan yo te fèt an menm tan

33. Semenn pase a, konbyen tan mounn lan te pase ap fè kalite aktivite ki parèt pi ba yo:

- (a) Fè travay nan kay **san li pa touche lajan**, fè travay nan lakou oubyen travay ranje kay pou mounn isit la osnon lòt mounn?

Men kèk ekzanp: fè manje, lave machin, lave rad, koupe gazon, soti al achte, prepare sa ki nesèsè pou kay la.

- Okenn
- Mwens pase 5 èdtan
- Ant 5 è epi 14 èdtan
- Ant 15 è epi 29 èdtan
- Ant 30 è epi 59 èdtan
- 60 èdtan oubyen plis

- (b) Okipe younn oubyen plizyè timounn ki se pwòp pitit pa li oubyen pitit lòt mounn , **san li pa touche lajan**?

Men kèk ekzanp: benyen oubyen jwe ak timounn piti, kondi machin pou mennen timounn nan aktivite espò, oubyen ede yo fè devwa lekòl, fè ti koze avèk tinedjè sou pwoblèm yo, elatriye

- Okenn
- Mwens pase 5 èdtan
- Ant 5 è epi 14 èdtan
- Ant 15 è epi 29 èdtan
- Ant 30 è epi 59 èdtan
- 60 èdtan oubyen plis

- (c) Okipe oubyen ede younn osnon plizyè mounn ki fin granmounn **san li pa touche lajan**?

Men kèk ekzanp: pran swen youn tigranmounn nan fanmi an, vizite tigranmounn, pale ak yo nan telefòn, ede yo n an fè acha, nan koze labank yo, nan fè yo pran medikaman yo, elatriye.

- Okenn
- Mwen pase 5 èdtan
- Ant 5 è epi 9 èdtan
- Ant 10 è epi 19 èdtan
- 20 èdtan oubyen plis

LABOUR MARKET ACTIVITIES

34. **Semenn pase a**, konbyen tan mounn lan te pase ap travay pou lajan **oubyen** nan travay pou pwòp tèt li?

Tanpri ekri kantite lè li travay antou pou lajan oubyen ap travay pou pwòp tèt pa li :

- *travay pou lajan, swa pou youn kantite lajan fiks konte tou tep oubyen komisyon;*
- *Travay nan pwòp biznis pa li, nan youn fèm oubyen nan aktivite pwofesyonèl li, swa pou kont li swa avèk youn asosye;*
- *Fè travay ki konekte dirèk-dirèk nan jesyon youn fèm ki pou lafanmi oubyen youn biznis kote ki pa te gen okenn kondisyon ki te pou touché lajan (ekzanp: ede nan simen grenn, fè travay kontablite).*

Ekri kantite èdtan ou fè (ekri youn chif won)

_____ → **Al reponn Kesyon 40**

OUBYEN

- Okenn → **Janbe nan kesyon ki anba a**

-
35. **Semenn pase a**, èske yo te sispann mounn sa a nan travay li tanporèman

Tyeke youn sèl wonn.

- Non
- Wi, yo te sispann li tanporèman nan youn travay li gen espwa li ap tounen ladan ankò
- Wi, li te an vakans, lit e malad, li te an grèv oubyen travay la te fèmen pòt mete li deyò, oubyen li pa te ale travay pou lòt rezon

-
36. **Semenn pase a**, èske mounn lan te gen garanti li ta pral kòmanse youn travay nan kat semen ki ap vini yo?

- Non
- Wi

-
37. Èske mounn lan te chèche travay ki pou peye li lajan **pandan kat semenn ki sot pase yo**?

Ekzanp, èske mounn lan te pran kontak avèk Sant Anplwa Kanada, èske li te pran kontak avèk mounn ki ta kapab ba li travay, èske li te mete anons nan jounal oubyen èske li te sèvi ak jounal pou li chèche travay, elatriye?

Tyeke youn sèl sèk.

- Non → **Al reponn kesyon 39**
- Wi, li te chèche tan plen
- Wi, lit e chèche pattaym (mwen pase 30 èdtan nan youn semenn)

38. Èske mounn sa a ta kapab kòmanse youn travay **semen pase a** si li te jwenn?

Tyeke youn sèl wonn.

- Wi, li ta kab kòmanse youn travay
- Non, li te deja gen youn travay
- Non, paske li te malad pandan youn bout tan oubyen paske li te gen youn enkapasite fizik
- Non, paske li te gen aktivite enpòtan pou li te regle pou tèt pa li oubyen pou fanmi li
- Non, paske li pral lekòl
- Non, pou lòt rezon

39. Ki dènye fwa mounn sa a te travay pou li touché lajaj **oubyen** nan biznis pa li, menmsi se te pou kèk jou sèlman?

Tyeke youn sèl wonn.

- Nan ane 2006 → **Al reponn lòt kesyon an**
- Nan ane 2005 → **Al reponn lòt kesyon an**
- Anvan ane 2005 lan → **Janbe nan kesyon 51**
- Li pa janm travay → **Janbe nan kesyon 51**

Atansyon: Kesyon 40 pou rive nan 48 an rapò ak travay mounn lan osnon semenn ki sot pase a .

Si mounn lan pa te travay semenn pase a, reponn pou travay li te pase pi lontan ladan depi premye janvie 2005 lan. Si mounn lan te fè plis pase youn sèl travay pandan semenn pase a, reponn pou travay kote li te pase plis èdtan an.

40. Ki kote mounn lan te travay?

Pou mounn ki gen pwòp biznis yo antre non biznis lan. Si biznis lan pa gen non, mounn dwe ekri non pa li nan plas la.

Ekri ak lèt majiskil tankou li parèt pi ba a:

Non konpayi lan, ajans gouvènman an, elatriye..

A B C C O N C R E T E P R O D U C T S L I M I T E D

Non konpayi an, ajans gouvènman an , elatriye.

Seksyon, plant, departement, elatriye. (si se ka a)

41. Ki kalite biznis, endistri oubyen sèvis sa te ye?

Tanpri bay tout esplikasyon yo. Ekzanp:

- *Travay nan bati kay*
- *lekòl primè*
- *lapolis minispal*
- *fèm kote yo plante ble*
- *magazen soulye*
- *lavant manje angwo*
- *faktori pyès machin*

Kalite biznis lan , endistri oubyen sèvis

42. Ki kalite travay mounn sa a ta pe fè?

Tanpri bay detay. Ekzanp:

- *Sekretè jiridik*
- *Plonbye*
- *Gid pou pechè*
- *Mounn ki ap monte mèb an bwa*
- *Pwofesè lekòl segondè*

(Si mounn lan nan lame, di ki grad li.)

Ki kalite travay mounn sa a?

43. Nan travay sa a, ki fonksyon mounn lan te ranpli?

Tanpri bay detay .Ekzanp:

- *Mounn ki ap prepare dokiman jiridik*
- *Mounn ki ap enstale plonbri nan kay*
- *Mounn ki ap montre wout pou lapèch*
- *Mounn ki ap fè mèb an bwa*
- *Mounn ki ap anseye matematik*

Prensipal aktivite mounn lan

44. Nan travay sa a oubyen biznis :


Tyeke youn sèl.

- Mounn lan travay pou lajan, pou kantite lajan fiks, tep oubyen komisyon? → **Janbe nan kesyon 46**
- Mounn lan travay san li pa touché pou madanm oubyen mari li oubyen youn lòt fanmi nan youn biznis lafanmi? → **Janbe nan kesyon 46**
- Mounn lan travay pou tèt pa li san li pa peye youn mounn pou ede li (pou kont li oubyen avèk youn asosye)?
- Mounn lan travay pou tèt pa li epi li peye mounn pou ede li (pou kont li oubyen avèk youn asosye)?

45. Si mounn lan travay ak pwòp tèt li, èske fèm li an oubyen biznis li an te anrejistre tankou sosyete anonim?

- Non
- Wi

46. Nan ki adrès mounn sa a te **abitye** al travay **pi souvan**?



Si direksyon an (ekzanp. nò, sid, lès oubyen lwès) se youn pati nan adrès la, tanpri ekri sa

Si ou pa konnen adrès oubyen si adrès la se youn bwat postal, endike adrès bilding lan oubyen entèseksyon ri ki pi pre a. Pa ekri nimewo youn bwat postal.

Tanpri ekri non vil la oubyen bouk la olyede non rejyon metwopoliten kote vil la ye a

Ekzanp:

- *Saanich olyede rejyon metwopoliten Victoria;*
- *St. Albert olyede rejyon metwopoliten Edmonton;*
- *Laval olyede rejyon metwopoliten Monreyal*

Si adrès kote mounn lan ap travay la pa menm ak adrès mounn ki anplwaye li a tanpri ekri adrès kote mounn lan ap travay la (ekzanpl, pwofesè lekòl dwe ekri adrès lekòl kote yo ap travay la, yo pa dwe ekri adrès konsèy eskolè a)

- Li te travay lakay li (menmsi se nan youn fèm) → **Janbe nan kesyon 48**
- Li pa te travay Kanada → **Janbe nan kesyon 48**
- Pa genyen youn adrès fiks pou travay la → **Janbe nan kesyon 47**
- Li te travay nan adrès ki parèt anba a:

Ekri tout adrès la

Ekri non ri a (tankou nan ekzanp lan)

Vil, Bouk, Vilay, minisipalite oubyen rezèv endyen

Pwovens / teritwa

Kòd postal

47. Pa ki mwayen mounn lan **abitye** al travay?

Si mounn lan sèvi ak plizyè mwayen transpòtasyon, ekri fason li itilize pou li fè trajè ki pi lonng lan

- Machin, twòk oubyen vàn — se limenm ki kondui
- Machin, twòk oubyen vàn — li se pasaje
- Transpò piblik (*ekzanp., otobis, tranmwe, metwo, ti tren elektrik, tren, travèsye*)
- Mounn lan al travay apye
- Bisiklèt
- Motosiklèt
- Taksi
- Lòt mwayen

48. (a) Ki lanng mounn lan itilize **pi souvan** nan travay sa a?

- Angle
- Franse

Si gen youn lòt — *Ekri li*

(b) Èske mounn lan itilize youn lanng **regilyèman** nan travay la?

- Non
- Wi , angle
- Wi , franse

Wi , Youn lòt — *Ekri li*

49. Pandan konbyen **semenn** mounn sa a te travay **nan ane 2005 lan?**

Tanpri ekri kantite semenn mounn lan te travay pou lajan oubyen kòm mounn ki te travay pou pwòp tèt li nan ane 2005 lan .

*Konte pami **semenn** travay yo, semenn mounn sa a :*

- *Semenn mounn sa a te an **vakans** oubyen li te **kontinye touche** pandan li te **malad**;*
- *Semenn mounn sa a te travay **tout jounen an** oubyen **pattaym**;*
- *Semenn mounn lan te travay pou **lajan**, pou youn **kantite lajan fiks**, tep oubyen **komisyon**;*
- *Semenn mounn lan te **travay pou pwòp tèt pa li**;*
- *Semenn mounn lan te travay nan youn **fèm fanmi** li genyen oubyen youn **biznis** ki pa te gen kondisyon ki pase pou li touché lajan.*

Okenn → **Janbe nan Kesyon 51**

OUBYEN

← **Kantite semenn**

50. Pandan **pi fò pati** nan **semenn sa yo**, èske mounn lan te travay **tout jounen an** oubyen **pattaym**?

Tyeke youn sèl wonn.

- Tout jounen an (30 èdtan chak semenn oubyen plis)
 - Pattaym (pi piti pase 30 èd tan chak semenn)
-

LAJAN MOUNN POU ANE 2005

51. Pou economize tan chak mounn fi kou gason ka bay Estatistik Kanada pèmisyon pou li sèvi ak enfòmasyon ki disponib nan dosye enpo li olye pou li reponn **Kesyon 52 a**.

- *Chwa sa a disponib pou mounn ki ranpli enpo yo pou ane ki fini jou 31 desanm 2005 lan.*
- *Tanpri raple ou enfòmasyon ki nan enpo ou yo ap sèvi senpman pou travay estatisk.*

Èske mounn lan bay Estatistik Kanada pèmisyon pou li sèvi ak enfòmasyon ki nan rapò enpo ki deja disponib nan dosye li pou ane ki ap fini jou 31 desanm 2005 lan?

- Wi → Mounn nimewo en an dakò. **Janbe nan Kesyon 53**
- Non → **Kontinye avèk Kesyon 52**
-

52. Pandan ane ki ap fini jou 31 desanm 2005 lan, èske mounn lan resevwa lajan kote ki endike pi ba yo? **Reponn “Wi” oubyen “Non”** Pou chak kote. Si ou di “Wi, tou ekri kantite lajan an; oka ou fè pèt ekri ki montan ou “pèdi”.

LAJAN MOUNN NAN TOUCHE POU TRAVAY LI:

(a) Total **lajan** plis **montan lajan fiks li touche**, konte tou komisyon, bonis, tep, lajan ou rantrè nan ranpli enpo, bous pou fè rechèch, komisyon lajan ki rantrè nan men ou kòm dwa otè, elatriye., tout sa se avan leta retire lajan taks

- Wi
- ↳ \$ _____ .00
- Non
-

MOUNN KI AP TRAVAY AK PWÒP TÈT LI:

(b) **Lajan ki rete nan men li pou travay nan fèm lan** (tout sa li touche mwens depans li fè), konte tou tout lajan yo ba li a ansanm ak lòt èd nan pwogram pou ede fèmme, sa li touche nan biwo pou fè maketing, tout sa li touché nan asirans

- Wi
- ↳ \$ _____ .00
- Pèdi
- Non

(c) Sa ki rete nan men li pou travay ki pa fèt nan fèm lajan li touché nan fè afè ak **biznis ki pa youn sosyete**, sa li touché pou sèvis pwofesyonèl li, elatriye. (*tout sa li touché mwens depans*)

Wi

↳ \$ _____ .00

Pèdi

Non

LAJAN LI TOUCHE NAN MEN GOUVÈNMAN:

(d) Lajan leta bay pou **timounn**, *tankou kòb ki vin jwenn mounn lan nan enpo parapò ak timounn li, alokasyon familyal* (nan men gouvènman federal, pwovensyal ak teritoryal)

Wi

↳ \$ _____ .00

Non

(e) **Pansyon Asirans Vyeyès** [*Old Age Security/Sécurité de la vieillesse*], **Lajan Leta garanti anplis sou sa ou Touche** [*Guaranteed Income Supplement/Supplément de revenu garanti*], **Alokasyon (lajan Leta bay)** [*Allowance/Allocation*] ak **Alokasyon pou mounn ki pèdi mari yo osnon madanm yo** [*Allowance for the Survivor/Allocation au survivant*] sa soti nan gouvènman federal senpman (*mounn lan dwe declare lajan pwovens lan garanti anplis sou lajan yo touche nan seksyon (h)*)

Wi

↳ \$ _____ .00

Non

(f) Lajan ki soti nan **fon pansyon Kanada** [*Canada Pension Plan/Régime de pension du Canada*] oubyen **Kebèk** [*Quebec Pension Plan/Régime de rentes du Québec*]

Wi

↳ \$ _____ .00

Non

(g) Lajan **Asirans Chomaj** (*total lajan an anvan leta retire taks*)

Wi

↳ \$ _____ .00

Non

(h) **Lòt lajan gouvènman an peye**, tankou lajan anplis sou lajan ki rantre nan men mounn lan pwovens lan ba li ak alokasyon, kòb ki retounen vin jwenn mounn lan sou GST/TPS, QST/TVQ, HST/TVH, kòb pwovens lan retounen bay mounn lan sou enpo li, lajan mounn lan apre youn aksidan travay, pansyon veteran ki fè lagè, lajan byennèt sosyal

Wi

↳ \$ _____ .00

Non

LÒT LAJAN KI RANTRE NAN MEN MOUNN LAN:

(i) **Benefis, lajan enterè** sou bon, sètifika pou depo ak pou lajan labank, ak **lòt investisman ki rapòte lajan**, tankou kòb lwaye mounn lan touche pou kay li lwaye, enterè sou lajan ipotèk. Pa konte lajan ou genyen oubyen ou pèdi sou manman lajan ou.

Wi

↳ \$ _____ .00

Pèdi

Non

(j) **Pansyon retrèt, fon pansyon nan travay mounn lan ak lajan fon asirans pèsònèl pou lavyeyès li**, konte tou RRSPs/REER ak RRIFs/FERR.. Pa konte lajan mounn lan retire nan fon pansyon li oubyen RRSP/REER li.

Wi

↳ \$ _____ .00

Non

(k) **Lòt lajan mounn lan touché**, tankou lajan mounn li te marye a peye li apre divòs, alimony, lajan pou okipe timounn, bous pou edikasyon

Wi

↳ \$ _____ .00

Non

TOTAL LAJAN MOUNN LAN TOUCHE , daprè sa ki ekri pi wo a pandan ane 2005 lan

Wi

↳ \$ _____ .00

Pèdo

No

TAKS MOUNN LAN PEYEE nan ane 2005 (federal, prwovensyal ak teritoryal)

▶ \$ _____ .00

Kesyon ki pral vin la yo se pou tout mounn ki abitye viv isit la ansanm ak sila yo ki genyen 15 an. Si ou ap reponn pou youn mounn , tanpri pale ak mounn lan pou genyen bon enfòmasyon yo.

53. Lalwa sou Estatistik [*Statistics Act/Loi sur la statistique*] bay garanti pou tout sa ou ekri sou papye resansman an rete sekre .Sepandan se sèlman si ou reponn “WI” pou kesyon anba a, deklarasyon ou bay pou resansman 2006 la ap kab pran lari apre 92 ane. Si ou tyeke “NON” oubyen si ou pa reponn kesyon an , enfòmasyon ou ekri yo pa pe janm pran lari.

Èske mounn sa a (fi oubyen gason) dakò pou enfòmasyon li ekri nan resansman 2006 la pran lari nan ane 2098 (sa vle di 92 ane apre resansman sa a)?

- Wi
 - Non
-

ETAP F

Reponn Kesyon H1 pou rive nan H8 osijè kote ou rete a.

Youn lojman (espas kote mounn rete), se youn kote separe ki fèt espesyalman pou mounn lan, avèk youn pòt pou li fè antre / soti ki bay sou deyò, oubyen sou youn koulwa oubyen sou youn eskalye ki la pou tout mounn anndan bilding lan. Pòt pou mounn lan fè antre / soti a pa fèt pou li louvri sou espas lyoun lòt rete

H1. Ki mounn kip eye lwaye oubyen ipotèk, taks, kouran, elatriye, pou lojman an?

Si gen plis pase youn mounn ki ap fè tout depans sa yo, tyeke youn ti wonn pou chak mounn.

- Premye mounn lan
- Dezyèm mounn lan
- Twazyèm mounn lan
- Katriyèm mounn lan
- Senkyèm mounn lan
- Youn mounn ki gen non li parèt nan youn lòt kesyonè osijè lojman sa a.
- Youn mounn ki pa rete nan kay isit la

H2. Èske lojman isit la:

Tyeke youn sèl wonn.

- se pou oumenm menm oubyen pou youn lòt mounn ki rete isit la (menmsi li poko fin peye li?)
- se youn kote mounn lan lwe (menmsi li pa peye pou lwaye a)?

H3. (a) Konbyen pyès ki genyen nan lojman an?

Konte kuizin, chanm, pyès nan grenye ak nan sousòl ki fini, elatriye.

Pa kontesaldeben, koulwa, ti pyès devan pou rantrè nan kay la ni pyès ki sèvi pou koze biznis .

_____ ← Konbyen pyès

(b) Ki kantite pami pyès sa yo ki sèvi kòm chanm?

_____ ← Konbyen chanm

H4. Nan ki ane kay sa a te bati?

Tyeke kilè kay la te bati, pa make lè yo te vin fè lòt travay ladan li, ni pou fè li pi gwo , ni pou chanje anyen ladan. Si ou pa konnen ane a, mete sa ou kwè ki pi pre verite a.

- 1920 oubyen avan sa
 - 1921-1945
 - 1946-1960
 - 1961-1970
 - 1971-1980
 - 1981-1985
 - 1986-1990
 - 1991-1995
 - 1996-2000
 - 2001-2006
-

H5. Èske kay la bezwen reparasyon?

Pa mete sa ou ta renmen fè nan kay pou chanje aparans li ni seksyon ou ta renmen ajoute nan kay la.

- Non, sèl sa li bezwen se **ti travay òdinè** (penti,, netwayaj sistèm pou chofe kay la, etc.)
 - Wi, li bezwen **kèk ti travay piti** tankou (kawo ki manke oubyen ki pèdi, brik oubyen ti fèy planch piti piti, machpye ki merite repare, ranp eskalye oubyen panno kay la sou deyò, elatriye.)
 - Wi li bezwen , **anpil gwo reparasyon** (tiyo ki kase oubyen fil kouran, reparasyon mi yo, planche atè yo, plafon yo, elatriye.
-

Reponn kesyon **H6** pou rive **H8** pou kay **ou rete kounye a** sèlman, menmsi ou genyen oubyen ou lwe plis pase youn kay. Si ou pa konnen montan lajan an , tanpri ekri valè ou kwè ki pre laverite a.

Atansyon: *Si oumenm oubyen kèk lòt mounn isit la ap travay nan youn fèm, rete nan youn fèm oumenm oubyen limenm ap dirije, tyeke sa la a → epi janbe nan **etap G** sou lòt fèy la.*

H6. Konbyen lajan ou peye CHAK ANE nan kay sa a (pandan 12 mwa ki sot pase yo) pou:

(a) elektrisite?

- Okenn
 Sa rantre nan pri lwaye oubyen nan lòt pèman

OUBYEN \$ _____ .00 chak ane

(b) Luil, gaz, chabon, bwa oubyen nenpòt ki sa ou sèvi pou chofe kay la?

- Okenn
 Sa rantre nan pri lwaye oubyen lòt pèman

OUBYEN \$ _____ .00 chak ane

(c) dlo ak lòt sèvis vil la bay?

- Okenn
 Sa rantre nan pri lwaye a ak lòt sèvis

OUBYEN \$ _____ .00 chak ane

H7. Pou MOUNN KI NAN LWAYE sèlman:

Konbyen ou peye lwaye kay sa a **chak mwa**?

- Mwen rete nan kay sa a san mwen pa peye lajan kontan

OUBYEN \$ _____ .00 chak mwa

H8. Pou MÈT kay la sèlman, reponn apatide (a) rive nan (f):

(a) Konbyen kòb ou peye **chak mwa** pou ipotèk la oubyen prè ou fè pou ou peye kay la?

Okenn → **Janbe nan pati (c)**

OUBYEN \$ _____ .00 chak ane

(b) Èske taks (minisipal ak taks lekòl) rantre nan montan ki parèt nan pati (a)?

Wi ← **Janbe nan pati (d)**

Non

(c) Konbyen ou estime taks (minisipal ak taks lekòl) pou kay sa a **chak ane**?

Okenn

OUBYEN \$ _____ .00 chak ane

(d) Si ou ta gen pou ou vann kay sa a kounye a, pou konbyen kòb ou panse yo ta kab achte li nan men ou?

\$ _____ .00

(e) Èske kay sa a fè pati youn kondominyòm ki anrejistre?

Wi → **Janbe nan pati (f)**

Non → **Janbe nan Etap G sou lòt paj la**

(f) Konbyen kòb frè kondominyòm yo koute **chak mwa**?

Okenn

OUBYEN \$ _____ .00 chak mwa

ETAP G

Kounye la a ou fin ranpli lis kesyon resansman an.

Dezyèm pati

Rezon ki fè yo poze ou kesyon yo

Rezon ki fè kesyon sa yo poze

ETAP A

Nou bezwen nimewo telefòn ou pou nou rele ou, oka ou ta bliye mete youn enfòmasyon nan lis kesyon ou retounen ban nou an

Nou bezwen adrès ou pou nou sèten nou konte chak grenn kay. Ou ka ekri adrès ou sèlman si pa gen youn adrès ki deja ekri sou paj devan lis kesyon ki nan men ou lan oubyen si adrès kay ou rete jou 16 me 2006 la te diferan parapò ak adrès ki ekri sou paj devan lis kesyon an.

Si adrès ki ekri sou paj devan lis kesyon an pa kòrèk (si gen erè glise nan ekri non ri a oubyen kalite ri a), ou pa bezwen ekri korije adrès la nan espas kote yo mande ou pou ou reponn lan oubyen nan espas kote adrès la ekri a .

Yo kab sèvi ak telefòn ou ansanm ak adrès ou nan aksyon pou fè suivi sou resansman an.

ETAP B ak C

Etap sa yo ap ede ou chwazi ki mounn ou **dwe** mete nan lis kesyon ou yo ak ki mounn ou **pa dwe** ekri ladan. Etap sa yo ap ede nou konnen pou sèten, nou te konte tout mounn ki merite konte epi nou pa te konte okenn mounn de fwa. Tanpri verifiye enfòmasyon ki nan paj 1,2 ak 3 nan dezyèm paj lis kesyon ou lan.

ETAP D

Etap sa a pèmèt nou konnen si gen youn mounn nan kay kote ou rete a ki ap travay nan youn fèm. Sa pèmèt nou konte tout fèm yo pou resansman nan domèn agrikilti.

ETAP E

Tanpri sèvi ak lèt majiskil pou ou kopye nan espas yo ba ou a non mounn ou te deja ekri nan etap B a pou ou reponn **Kesyon nimewo 1 nan tèt paj nimwo 4** la. Tanpri ekri non yo nan menm lòd ou te deja ekri yo a. Li enpòtan pou enfòmasyon ou bay sou chak mounn nan kay la koresponn ak non chak mounn ou te nonmen yo. Lis kesyon an fèt pou youn kay ki gen 5 mounn oubyen mwens pase sa. Si gen plis pase 5 mounn nan kay la ou bezwen youn lòt lis kesyon . Konsa, ou kab telefòn Ed pou Resansman nan nimewo sa a :1 877 594-2006, kote ou pa pe gen anyen pou ou peye..

KESYON YO

ENFÒMASYON DEBAZ SOU POPILASYON AN

Kesyon nimewo 1 an mande non chak grenn mounn nan kay la, pou nou pa bliye pèsonn epi pou nou pa konte pèsonn de fwa .

Kesyon nimewo 2 rive nan kesyon nimewo 6 mande enfòmasyon sou mounn ki nan chak kay. Se sa ki pèmèt nou konnen sitiyoasyon anndan kay chak mounn ak sou lafanmi nan Kanada, konbyen mounn ki nan fanmi an, konbyen timounn ki ap viv ak manman yo epi papa yo osnon ak papa yo oubyen manman yo senpman, epi konbyen mounn ki rete pou kont yo. Enfòmasyon sa yo ap ede mounn ki ap prepare pwogram sosyal , tankou Pansyon Leta pou Tigranmounn, ak avantaj taks pou timounn. Genyen bouk ak vil ki sèvi avèk enfòmasyon sa a tou pou fè pwogram, tankou sant ki ap okipe timounn lajounen , pou fè lekòl, epi bati kay pou bay tigranmounn rete.

AKTIVITE MOUNN FÈ CHAK JOU YO

Kesyon nimewo 7 ak nimewo 8 bay enfòmasyon sou konbyen mounn nan peyi Kanada ki gen difikilte ak lavi chak jou yo epi ki oblije ralanti sou aktivite yo akozde eta kò yo, eta mantal yo oubyen ki genyen pwoblèm sante. Repons sa yo pèmèt Estatik Kanada wè pi byen ki pwoblèm mounn enfim genyen chak jou nan lavi yo.

ENFÒMASYON SOSYAL AK KILTIRÈL

Kesyon nimewo 9 pou rive nan nimewo 21 bay youn lide global sou popilasyon Kanada sou plan sosyal ak kiltirèl..

Kesyon nimewo 9 la mande nan ki pwovens oubyen nan ki teritwa nan Kanada, oubyen nan ki peyi etranje, mounn ki rete Kanada yo fèt. Enfòmasyon sa a fè nou konnen deplasman mounn andedan peyi Kanada ansanm ak deplasman mounn ant Kanada ak lòt peyi. Menm kesyon sa a bay tou enfòmasyon sou divès kalite mounn ki ap viv Kanada

Kesyon nimewo 10 la di nou sitwayen ki peyi mounn ki rete Kanada yo ye. Se youn enfòmasyon ki ede nan òganizasyon eleksyon. Lè nou mete enfòmasyon sa a avèk lòt sa nou genyen sou laj mounn yo, nou kab konnen konbyen mounn ki kapab vote. Anplisdesa, kesyon sa a sèvi pou kreye pwogram ak kou pou prepare mounn ki vle vin sitwayen.

Kesyon 11 ak 12 di nou konbyen imigran ki Kanada epi konbyen mounn ki ap viv Kanada san papye rezidans pèmanan ansanm ak ki ane yo vin viv Kanada. Yo toujou konbine enfòmasyon nan kesyon sa yo ak lòt enfòmasyon nan resansman an pou yo konpare devlopman sosyo- ekonomik imigran pandan ane yo ap defile. Kesyon sa yo pral pèmèt yo revize regleman epi pwogram imigrasyon ak pwosesis kreye travay; yo pral fasilite anmenmtan youn revizyon nan preparasyon pwogram edikasyon, lasante ak lòt sèvis ankò.

Kesyon soti nan nimewo 13 rive nan nimewo 16 sèvi pou kreye pwogram pou pwoteje dwa kanadyen dapre *Manmanlwa Dwa ak Libète nan Kanada [Canadian Charter of Rights and Freedoms/Charte canadienne des droits et libertés]*. Enfòmasyon sa yo ede leta tou nan demontre sa ki dwe fèt pou aprann mounn de lanng ofisyèl Kanada yo ansanm ak nan bay sèvis nan lanng angle ak nan lanng franse

Kesyon 17 la fè nou konnen mounn tout kalite etni ak kilti ki nan popilasyon Kanada . Kesyon sa a pèmèt leta jwenn enfòmasyon ki nesèsè pou aplike *Lalwa sou Miltikiralis [Multiculturalism Act/Loi sur le multiculturalisme]* ak *Lalwa Kanadyen sou Dwa ak Libète*. Enfòmasyon sa a sèvi anpil pou asosyasyon etnik ak kiltirèl, tankou pou ajans ak pou mounn ki ap fè rechèch pou gouvènman, pou yo òganize youn pakèt aktivite, tankou pwogram sou lasante, aktivite kominikasyon ak piblisite pou komès

Kesyon 18, 20 ak 21 pèmèt leta bay enfòmasyon sou mounn ki te rive sou tè isit an premye yo (Premye Nasyon, Inuit ak Metis) enfòmasyon sa yo sèvi pou fè lwa ak pou òganize pwogram travay *dapre Lalwa Endyen nan Kanada [Indian Act/Loi sur les Indiens]* ak *Lalwa pou Lajistis nan Travay [Employment Equity Act/Loi sur l'équité en matière d'emploi]*. Enfòmasyon sa yo ka sèvi tou pou mounn ki ap fè rechèch, gouvènman Aborijèn y oak asosyasyon ki ap ekzaminen youn chay pwoblèm divès sou etid demografik ak sosyo-ekonomik.

Kesyon nimewo 19 la pote enfòmasyon sou gwoup mounn yo rele minorite vizib nan Kanada yo. Enfòmasyon sa a nesèsè pou pwogram ki ap fèt dapre *Lalwa Lajistis nan travay* ki mande pou bay tout mounn chans egal.

DEPLASMAN

Kesyon23 ak 24 fè nou konnen ki bò mounn ki rete Kanada ap fè alevini yo andedan peyi a epitou lè yo ale nan lòt peyi. Se enfòmasyon sa a ki pèmèt nou konnen konbyen mounn ki genyen nan tout peyi a, nan pwovens yo, ak nan divizyon anndan pwovens yo pandan tan ki pase ant youn resansman ak youn lòt. Enfòmasyon sa a sèvi tou pou fè konnen konbyen kay yo pral bezwen pou bay mounn rete, avèk sa yo pral bezwen pou edikasyon, pou transpò ak pou sèvis sosyal. Enfòmasyon sa a sèvi tou pou pwogram ki fèt dapre *Lalwa sou Depans Lajan [Fiscal Arrangements Act/Loi sur les arrangements fiscaux]* nan leta.

PEYI KOTE MANMAN AK PAPA YOUN MOUNN FÈT

Kesyon 25 lan enfòmè nou sou kantite mounn ki fèt nan Kanada epi ki gen papa yo ak manman yo fèt nan youn lòt peyi. Enfòmasyon ki soti nan kesyon sa a kapab sèvi pou yo ekzaminen sitiasyon sosyo-ekonomik Kanadyen dezyèm jenerasyon an.

EDIKASYON

Kesyon soti nan nimewo 26 rive nan nimewo 32 pèmèt nou genyen enfòmasyon sou edikasyon ak sou fòmasyon mounn ki ap viv nan peyi Kanada, ansanm ak kalite espesyal yo genyen. Enfòmasyon sa a ap sèvi pou gouvènman ak pou mounn ki ap bay travay konnen si genyen ase mounn ki gen konesans ak fòmasyon nesèsè nan travay espesyal yo ap fè a. Gouvènman an ansanm ak mounn ki ap bay travay yo va devlope pwogram espesyal ki va koresponn ak bezwen mounn ki ap travay yo ki toujou ap chanje.

Kesyon nimewo 32 a bay enfòmasyon sou konbyen mounn ki al lekòl, pou yo kab planifye epi finance pwogram lekòl pou mounn ki fin fè segondè ak lekòl pou granmounn dapre *Lalwa Kanadyen sou zafè Prete Elèv Lajan [Canada Student Loans Act/Loi fédérale sur les prêts aux étudiants]*. Nimewo 32 a ap sèvi tou pou kreye pwogram pou ankouraje mounn rete lekòl epi pou ankouraje yo tounen lekòl.

AKTIVITE MOUNN ANNDAN KAY

Kesyon 33 a bay enfòmasyon sou kantite tan mounn pase ap fè travay yo pa touche pou yo anndan kay yo. Lè yo mete enfòmasyon sa yo ansanm ak enfòmasyon yo ranmase sou mounn ki touche pou travay yo fè, yo pral genyen youn lide sou konbyen mounn ki ap viv Kanada ranje aktivite yo pou travay yo touche pou yo ak sila yo ki pa rapòte yo lajan.

AKTIVITE POU MOUNN KI AP TRAVAY

Kesyon 34 pou rive 50 ranmase enfòmasyon sou mounn ki gen **15 an oubyen pi plis** ki ap **travay pou lajan ansanm ak mounn ki ap travay pou pwòp tèt pa yo**. Enfòmasyon sa a enpòtan ni pou biznis ni pou gouvènman an nan tout nivo li yo. Li pèmèt yo òganize pwogram edikasyon ak aprantisay, pèmèt yo konnen lanng ki sèvi nan travay, li pèmèt leta konnen opòtinite travay ki pral parèt nan ane ki ap vini yo, li pèmèt yo òganize sistèm trasnò ak deplasman ki bay bon jan randman, li ap pèmèt yo fè regleman pou kreye travay nan tout kominote toupatou nan peyi a

LAJAN KI RANTRE NAN ANE 2005

Kesyon nimewo 51 ak 52 a bay detay sou sa tout mounn nan peyi Kanada, fanmi yo, ak mounn ki ap viv lakay yo ap touche. Enfòmasyon ki nan achiv sou taks pa kouvri tout mounn, ni yo pa montre tout detay ki enpòtan sou sa ki konsène mounn ki ap travay pou lajan.

Gouvènman sèvi ak enfòmasyon nan seksyon sa a pou devlope pwogram ki pèmèt rantrè lajan kou Pansyon Vyeyès, pwogram pwovensyal pou mete youn ti lajan anplis sa mounn ap touche, pou pèmèt mounn nan byennèt sosyal yo jwenn youn ti lajan anplis. Rapò estatistik sou lajan ki rantrè pèmèt yo fè meyè pwogram pou bay fanmi ki nan bezwen yo youn ti lajan anplis. Rapò sa yo pèmèt yo evalye lòt pwogram kou egalite nan salè, pwogram devlopman lojman epi idantifye reyon nan peyi a ki bezwen yo ede yo.

Biznis yo sèvi ak rapò estatistik sou rantrè lajan pou yo konnen ki kote ki gen komès an gwo ak an detay pa twò lwen kalite mounn ki bezwen yo a epitou pou konnen si gen posiblite afè pou pwodui ak sèvis tout kalite.

Sendika travayè ansanm ak tout kalite biznis sèvi ak enfòmasyon estatistik sou lajan mounn touche nan chan aktivite yo pou negosye akò sou salè epi pou regle demann konpansasyon.

Òganizasyon, ki ap reprezante Kanadyen ki nan bezwen sou plan èd sosyal, sèvi souvan ak estatistik sou lajan mounn touche yo jwenn nan resansman, pou yo prezante dosye yo.

Endividi ka sèvi ak estatistik sou lajan mounn touche pou yo konpare pwòp lajan yo touche ak lajan an mwayèn ki rantrè nan men mounn ki ap fè menm travay ak yo, pou yo konpare lajan yo touche ak lajan mounn ki nan reyon kote yo ap viv la oubyen nan tout peyi a touche

Nou pa vann okenn lis adrès enfòmasyon pèsònèl oubyen enfòmasyon ki pèmèt yo jwenn idantifikasyon sou mounn. PYÈS MOUNN oubyen biwo leta, nou konte ladan, lòt depatman nan gouvènman kou Ajans Revni Kanada [*Canada Revenue Agency/Agence du revenu du Canada*], pa genyen enfòmasyon pèsònèl ou enfòmasyon sou kantite lajan ou touche apatide de sa ou ekri sou lis kesyon resansman an. Tout sa ou reponn yo ap rete SEKRÈ. SA se lalwa.

DWA POU SIKILE ENFÒMASYON PÈSONÈL 92 LANE APRE RESANSMAN AN

Kesyon nimewo 53 a pèmèt tout mounn konnen kisa ki pral fèt avèk enfòmasyon pèsonèl yo bay nan resansman an. Se sèlman si mounn ki ap reponn lan di Wi pou kesyon 53 a enfòmasyon yo bay nan resansman an ka pibliye nan 92 ane. Konsantman ou pou pibliye enfòmasyon ki nan resansman an ap pèmèt jenerasyon ki ap vini yo genyen youn pi bon konpreyansyon sou sosyete Kanada ane 2006 la.

Lè ou ap reponn kesyon sa a, konsilte chak mounn ki nan kay la pou ou kab konnen lide yo sou sa . si ou pa konnen sa mounn lan panse, ou pa dwe reponn kesyon sa a pou li. Manman ak papa pitit epi mounn ki gen timounn sou kont yo dwe reponn pou timounn yo

Si youn mounn ta anvi chanje repons li oubyen ekri youn repons nan youn espas kote ki pa te gen repons, li ka ekri Kowòdonatè, Access to Information and Privacy/Accès à l'information et protection des informations personnelles, Statistics/Statistique Canada, 120 Parkdale Ave. Ottawa, ON, K1A 0T6.

ETAP F: KOTE MOUNN RETE

Kesyon H I pou rive H 8 bay enfòmasyon pou fonksyonè gouvènman ak endistriyèl ki responsab pwojè bati kay. Enfòmasyon sa a sèvi nan anpil pwogram ki fèt dapre *Lwa Nasyonal sou Ipotèk [National Housing Act/Loi nationale sur l'habitation]* ak *Kòporasyon nan afè bati kay [Canada Mortgage and Housing Corporation Act/Loi sur la Société canadienne d'hypothèques et de logement]*..

Enfòmasyon sou kantite pyès ak chanm ki nan youn kay, ansanm ak pri kay mete ak enfòmasyon sou kikanite mounn ki nan kay la pèmèt yo ekzaminen sitiyasyon ekonomik fanmi kin an diferan rejyon peyi a.. Gouvènman pwovens yo ak gouvènman minisipal yo sèvi ak enfòmasyon sa yo pou yo wè si mounn yo ap viv younn sou lòt. Se sa ki pèmèt leta òganize pwogram bati kay ki koresponn ak bezwen mounn yo.

Enfòmasyon sou laj kay yo ak sou lè kay yo bezwen ranje pèmèt minisipalite yo jwenn enfòmasyon pou yo òganize pwogram pou mete kay anfòm nan katye ki bezwen sa .